

(Shona, kaus Chenjerai Hove)

Pachikoro chokutanga vaiti dzidzisa kunyora. Mazwi acho aive mubhuku, zvichita sokuti ndiyo yaive mitemo yemutauro. Chaiingodiwa chete kurerenga zvakanyorwa izvozvo.

Duramazwi raive nemazwi ose eidiwa. Asi rainge riri revanhu vabve zero. Inidai funga kuti duramazwi raive hombe kupinda ivo vanhu vakuru vacho. Duramazwi raive nesimba rinenge ramwari, simba rinopfuura revanhu venyama.

Chero chipi zvacho chawaitauwa, kana mazwi acho asiri muduramazwi, zvakanga zvisina zvasvaira. Zvinhu zvose zvaitofanira kunge zvakanyorwa magwaro iri.

Duramazwi rinaita kuti mazwi azenberane. Asi paupenyu hazvisi izvo. Duramazwi rinomanikidza mazwi kusvikira vanhu vati ndiwo mutemo, sezviroitwa mazita kwaMudzviti.

Iwo matsamba aMudzviti anenge duramazwi zvakare. Vanonyora nezvanhu,

②

zita rangu, musi wandakazvatawa, nzvimbo yacho, zita rababa namai vangu, rebasa ravo. Vanoziva kuti vabereki vangu vanoshanda nemagetsi. Kwarazi izvi zvinoreva kuti vanobva vafunga kuti ini ndinozivawo nezvemagetsi.

Muboka redu muchikoro pakanga pasina kana munyeri zvake. Dai aivepo zvaigona kubatsira kuti imwe mubvuzo ibvuzwe. Mavara ainge ndiwo chete anokosha mumpetiyu. Sokuona kwedu, mazwi akanyorwa aipfuura kana nguva chaiyo pakukosha.

Saka nhasi tingati chava chijana chaani? Pandakazvarwa ndaive ndatove mazwi nedakare.

Muduramazwi, izwi rimwe nerimwe rinokoshesesa. Kana mazwi azina kurongwa, haana zvaanoreva. Kubataridzwa kwemazwi ndiwo mutauro, sokuungana kunaita vana vechikoro. Adosaka zuva rimwe nerimwe mazita evana vechikoro achiverengwa mangwanani. Vanodaidzira mazita sedu kuti vazive kuti tiripo tose,

kubwa kuna A kusvika kuna Z, kubwa
kuna Arimasi kusvika kuna Zupani,
tose.

Ary
Phenjelai Hoy